



# Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

## Enskri nan Lekòl Leta Vil Nouyòk pou Fanmi Imigran yo

### **Kiyès ki gen dwa asiste lekòl leta vil Nouyòk ?**

- Tout timoun ki gen ant 4 ak 21 lane k ap viv nan vil Nouyòk gen dwa pou asiste lekòl nan vil Nouyòk jiskaske yo gradye nan lekòl segondè.
- Tout elèv k ap aplike nan lekòl leta yo dwe admèt imedyatman epi yo dwe plase yo nan yon lekòl nan 5 jou ouvrab.
- Yo pa gen dwa refize yon lekòl poutèt mank espas.
- Yo pa gen dwa refize yon elèv poutèt li pa fè anpil ane lekòl oswa li pa ale lekòl ditou.
- Tout elèv yo gen dwa ale lekòl kèlkeswa estati imigrasyon pa yo oswa estati imigrasyon manm nan fanmi yo.
  - Pèsonèl lekòl yo **pa gen dwa** poze w kesyon konsènan estati imigrasyon w.
  - Menm si yon elèv oswa paran li yo pa gen papyè imigrasyon oswa yo pa gen nimewo sekirite sosyal, elèv la toujou gen dwa resevwa tout sèvis lekòl yo, ki enkli manje midi gratis, manje maten gratis, ak transpò.

***Kisa pou m fè si fanmi m pa gen yon kote pou n viv oswa si n gen yon kay ki tanporè ?***

Yon lwa federal (Lalwa McKinney-Vento) egzije ke yo enskri timoun k ap viv nan sityasyon sa yo imedyatman. Si w bezwen èd, tanpri rele liy asistans telefònik NYS-TEACHS nan 800-388-2014.

### **Kilè nouvo elèv yo gen dwa enskri nan lekòl ?**

Si w apenn rive nan vil Nouyòk, ou gen dwa enskri pitit ou nan lekòl leta yo nenpòt lè. Ou pa oblije tann kòmansman nouvo ane lekòl la oswa trimès la.

### **Kikote pou m enskri pitit mwen an ?**

ENSKRIPSYON NAN LEKÒL PRIMÈ AK LEKÒL ENTÈMEDYÈ :

Si pitit ou a ap antre nan lekòl primè oswa entèmedyè, ou ta dwe kontakte **lekòl ki nan zòn pa w la** pou w enskri yo. Ou gen dwa vizite *Sant Byenveni Familyal* ou a pou w jwenn èd. Paran oswa gadyen ta dwe mennen timoun nan avèk yo nan moman enskripsyon ak anrejistreman an.

***Kisa yon lekòl pa zòn ye ?*** Yon lekòl pa zòn se yon lekòl leta pou elèv k ap viv nan yon katye oswa yon zòn byen detèminen. Menm si chak timoun garanti yon plas nan yon lekòl leta, si lekòl ki nan zòn pa w la pa gen espas pou pran nouvo elèv, yo gen dwa voye pitit ou nan yon lòt lekòl.

Pou w ka jwenn lekòl ki nan zòn pa w la, rele nimewo 311 epi bay operatè a adrès ou a, oswa konsilte sit wèb [schoolsearch.schools.nyc](http://schoolsearch.schools.nyc) epi ekri adrès ou nan tèt paj la. Si w panse ou konn ki lekòl ki nan zòn pa w la, ou ka ale vizite l tou oswa ale nan yon Sant Byenveni Familyal pou w jwenn plis èd.

ENSKRIPSYON NAN LEKÒL SEGONDÈ :

Pou w enskri nan lekòl segondè, se pou w ale nan Sant Byenveni Familyal ki bò lakay ou. Si yon timoun ki gen mwens ke 18 an gen yon paran oswa yon gadyen, paran an oswa gadyen an dwe akonpanye jèn nan lè l vin nan Sant Byenveni Familyal la pou l enskri nan lekòl la. Si yon timoun konsidere kòm yon minè libere oswa yon timoun ki pa akonpanye, li pa oblije vini ansanm ak yon granmoun pou yo enskri nan lekòl la.

DOE a gen kèk pwogram altènatif pou elèv ki pi gran, ki enkli pwogram Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik, pwogram pou jwenn yon ekivalans de yon diplòm segondè, ak lekòl transfè. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo nan [sit wèb DOE a](#).

## Ki dokiman m bezwen pou m enskri ?

You must bring the following documents when registering a child for school:

- Prè de laj timoun nan, tankou ak nesans li oswa paspò li.
- Kat vaksen pou timoun nan.
- Dosye lekòl yo, si w genyen yo.
- Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) oswa Plan Amènajman 504 la, si timoun nan gen youn.
- Yon foto idantite pou paran an oswa gadyen an.

**EPI** ou dwe vini ak 2 fòm prè pou montre ke w ap viv nan Vil Nouyòk la. Kòm prè rezidans, ou ka bay : \*

- Yon fakti gaz, elektrik oswa televizyon kab nan dènye 60 jou yo.
- Yon fich peman kòb lwaye pandan dènye 60 jou yo.
- Yon fakti enpo imobilye
- Yon kontra bay, yon ak pwopriyete oswa yon pre ipotèk orijinal.
- Yon dokiman pewòl oswa yon dokiman de yon ajans leta.
- Yon afidavi de yon moun ki konnen ke w ap viv nan adrès kote w ap viv la. (Note byen : nan sityasyon sa a, yo pral mande w 3 fòm de prè rezidans diferan.)

\*Pou yon lis konplè de tout dokiman yo akseptè kòm prè rezidans, rele nimewo 311.

## Kisa m dwe fè si dosye lekòl pitit mwen an sòti nan yon lòt peyi ?

Si dosye lekòl pitit ou a sòti nan yon lòt peyi andeyò Etazini, epi si l nan yon lòt lang, ou dwe mande Depatman Edikasyon an (DOE) pou l tradwi dokiman sa yo ba w. Ou gen dwa mande yon ajans ekstèn, tankou konsil peyi orijin ou, pou ede w tradwi dosye lekòl pitit ou yo tou.

## Kisa pou m fè si m pa gen dosye lekòl pitit mwen an nan men m ?

Menm si pitit ou a pa gen dosye lekòl li yo ki sòti nan peyi orijin li a, lekòl la pa gen dwa refize w. Nan sityasyon sa a, yo dwe enskri pitit ou nan ane lekòl ki koresponn ak laj li a. Si w ta rive jwenn dosye lekòl pitit ou a aprè yo fin enskri li, ou gen dwa bay yo aprè.

## Sant Byenveni Familyal ki nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la

Sant Byenveni Familyal yo ouvri sòti 8è rive 15è, sòti lendi rive vandredi. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki disponib nan Sant Byenveni Familyal yo

### BRONX

1 Fordham Plaza, 7th Fl., 10458  
718-329-8050

[FordhamFWC@schools.nyc.gov](mailto:FordhamFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 7, 9, 10

1230 Zerega Avenue, 10462  
718-828-7546

[ZeregaFWC@schools.nyc.gov](mailto:ZeregaFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 8, 11, 12

### MANHATTAN

28-11333 Seventh Ave., 12th Fl., 10001  
917-339-1763

[333FWC@schools.nyc.gov](mailto:333FWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 1, 2, 4

123 Morningside Dr, 10027  
332-228-0312

[MorningsideFWC@schools.nyc.gov](mailto:MorningsideFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 3, 5, 6

### BROOKLYN

1780 Ocean Avenue, 11230  
718-758-7744

[OceanFWC@schools.nyc.gov](mailto:OceanFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 17, 18, 22

415 89th Street, 11209  
718-759-3900, option #4

[89thFWC@schools.nyc.gov](mailto:89thFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 20, 21

1665 St. Mark's Ave., 11233  
718-240-3609

[StMarksFWC@schools.nyc.gov](mailto:StMarksFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 19, 23, 32

355 Park Place, 11238  
718-623-5069

[ParkPlaceFWC@schools.nyc.gov](mailto:ParkPlaceFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 13, 14, 15, 16

### QUEENS

28-11 Queens Plaza North, LIC 11101  
718-391-6270

[QueensPlazaNFWC@schools.nyc.gov](mailto:QueensPlazaNFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 24, 30

30-48 Linden Place, Flushing 11354  
718-281-3538

[LindenFWC@schools.nyc.gov](mailto:LindenFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 25, 26

90-27 Sutphin Blvd., Jamaica 11435  
718-557-2786

[SutphinFWC@schools.nyc.gov](mailto:SutphinFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 27, 28, 29

### STATEN ISLAND

2715 Ocean Terrace, Bldg. A, 10301  
718-420-5654

[PetridesFWC@schools.nyc.gov](mailto:PetridesFWC@schools.nyc.gov)

Distri ki desèvi : 3

## Èske yon lekòl oswa yon Sant Byenveni Familyal ka refize mwen si :

- Si m pa gen kat vaksen ? **NO**
- Si m pa gen dosye lekòl ? **NO**
- Si m pa gen prè rezidans ? **NO**
- Si m pa gen prè de laj mwen ? **NO**

Fich enfòmasyon sa a pa dwe pran kòm yon konsèy legal. Objektif fich enfòmasyon sa a se pou fè yon rezime de politik ak lwa ki deja egziste yo, san nou pa pataje opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm jiridik, tanpri kontakte yon avoka oubyen yon defansè.